

•••
MCB

MASSACHUSETTS COMMISSION
FOR THE BLIND

Bwochi Sèvis




Lis Sijè yo

Mesaj Byenvini, Misyon ak Vizyon	4
Elijiblite ak Enskripsyon	6
Avantaj	8
Reyadaptasyon Sosyal (RS)	18
Sèvis pou Timoun	21
Pwogram pou Moun Aje ki Avèg epi k ap Viv Poukont yo (Older Independent Blind, OIB)	25
Reyabilitasyon Pwofesyonèl (RP) ki gen ladan l Sèvis Tranzisyon Anvan Travay, Sèvi Travay, ak Distribitè Otomatik.....	29
Sipò Elaji pou Moun ki Soud ak Avèg (Deaf Blind Extended Supports, DBES)	40
Ansèyman Reyadaptasyon (Terapi pou Reyadaptasyon Vizyon)	44
Oryantasyon ak Mouvman (OM)	48
Teknoloji pou Ede Moun ki Gen Andikap (Assistive Technology, AT)	53
Sèvis Pledwaye	58
Egzamen Administratif	60
Deklarasyon kont Diskriminasyon	61

Byenvini!

**Yon Mesaj Komisyon Massachusetts
pou Moun Avèg yo voye
(Massachusetts Commission
for the Blind, MCB)**



Antanke youn nan premye Manm Komisyon MCB a, Helen Keller te jwe yon wòl enpòtan nan mete sou pye premye komisyon pou moun avèg yo nan peyi Etazini nan lane 1906. Jouk jounen jodi a, nou kontinye ap itilize ide li yo.

Li gendwa akablan pou fonksyone nan mond sa a lè w avèg epi pèdi vizyon epitou li souvan enplike chanjman nanak ajisteman emosyonèl. Bwochi Sèvis sa a fè yon rezime sou avantaj, pwogram, ak sèvis ki disponib pou moun avèg legalman ki ap viv nan Eta Massachusetts yo.


Sitiyasyon chak moun inik. Pasyan yo ta dwe travay avèk konseye yo pou devlope yon plan ki fèt espesyalman pou yo.

Misyon Nou:

Pou bay moun ki avèg legalman yo fòmasyon pèsonalize, edikasyon, ak mwayen pou yo granmoun tèt yo, epi defann politik ki entegre yo nan tout Massachusetts. Objektif la se pèmèt yo granmoun tèt yo pandan tout lavi yo epi pèmèt yo patisipe nètalkole nan kominote a

Vizyon Nou:

Tout moun nan Massachusetts ki avèg legalman ap jwenn sipò pou yo mennen yon lavi ki satisfezan kote yo se granmoun tèt yo epi yo gen chans pou yo travay ak reyisi.



Elijiblite ak Enskripsyon

Definisyon yon Moun ki Avèg Legalman:

- Se lè yon moun gen yon vizyon avèk koreksyon 20 sou 200 oswa mwens nan je ki pi bon an; oswa
- Yon chan periferik dis degre (10°) oswa mwens, kèlkeswa jan li wè klè nan je a

Pwosesis Enskripsyon:

Tout pwofesyonèl swen je dwe siyale tout ka avègleman legal yo bay MCB nan espas 30 jou selon Lwa Jeneral Eta Massachusetts chapit 6, § 136.

Pwofesyonèl swen je yo dwe depoze yon Rapò Obligatwa pou Avègleman Legal nan MCB pou chak pasyan yo detèmine ki avèg legalman. MCB ap egzamine rapò a epi l ap konfime desizyon avègleman legal la.

Rejis Avègleman MCB a ap voye yon lèt desizyon bay pasyan an ak pwofesyonèl swen je a.

Si MCB konfime desizyon avègleman legal la, pasyan an vin yon moun ki enskri nan MCB epi yo tou ba li yon konseye.

Konseye MCB a ap kontakte pasyan yo fenk sot enskri a pou li ka ba li yon eksplikasyon ki konplè sou avantaj yo, pwogram yo, ak sèvis yo.



Pa blye: Yon moun dwe enskri nan MCB pou l ka benefisyé sèvis ajans lan bay yo. Tout pasyan yo voye vin pran sèvis ta dwe al jwenn konseye yo bay pasyan sa a.

Pou poze kesyon sou elijiblite ak zafè enskripsyon, kontakte

Rejis Avègleman MCB a:

Imèl: BlindnessRegistry@mass.gov

Telefòn: 617-626-7415

Nimewo Faks: 617-350-7959

Avantaj

Sètifika Avègleman (Certificate of Blindness, COB)

Yon Sètifika Avègleman sètifye pasyan an enskri nan MCB epi yo ka mande pou li verifye avègleman legal la pou divès kalite rezon tankou lè l ap aplike pou egzanpsyen nan zafè taks.

Pou w mande yon COB:

- Kontakte konseye pasyan an nan MCB
- Voye yon imèl bay Rejis Avègleman MCB a nan BlindnessRegistry@mass.gov
- Rele Rejis Avègleman MCB a nan 617-626-7415
- Ranpli Fòm Demann Kat Idantifikasyon MCB a (mass.gov/mcb/id)

Yon COB ekspire yon lane apre Dat yo Fin Bay li a.

Kat Idantifikasyon MCB a

MCB bay yon Kat Idantifikasyon ki sètifye moun ki genyen li an avèg legalman epi li enskri nan ajans lan. Selon Lwa Jeneral Eta Massachusetts chapit 6, § 135, nenpòt moun oswa biznis ki aksepte yon lisans chofè kòm pyès idantifikasyon lè l ap bay kredi oswa ankesè chèk dwe aksepte Kat Idantifikasyon MCB a nan menm mannyè a.

Kat Idantifikasyon MCB a pa reponn ak tout egzijans Lwa sou REAL ID a. Apati 7 me 2025, vwayajè ameriken yo dwe pliye anba nòm REAL ID a pou yo ka monte abò vòl domestik yo epi antre anndan kèk biling federal.

Pou mande yon Kat Idantifikasyon MCB:

- Kontakte konseye pasyan an nan MCB
- Voye yon imèl bay Rejis Avègleman MCB a nan BlindnessRegistry@mass.gov
- Rele Rejis Avègleman MCB a nan 617-626-7415
- Ranpli Fòm Demann Sètifikasi Avègleman MCB a (mass.gov/mcb/certificate)

Kat Idantifikasyon MCB a ekspire senk (5) lane apre
Dat yo Fin Bay li a.

Avantaj yo, kontinye

Egzanpsyon ak Dediksyon Taks sou Revni

Pasyan yo ka gen dwa pou yo benefisye egzanpsyon ak dediksyon taks sou revni federal ak Eta. Lè pasyan yo ap fè deklarasyon taks, yo ka mande yo yon Sètifika Avègleman ki ajou, yon Kat Idantifikasyon MCB, oswa lòt prèv medikal pou yo verifye si yo reklame yon egzanpsyon oswa dediksyon.

Egzanpsyon Taks sou Byen Imobilye

Pasyan yo ka elijib pou yo benefisye yon egzanpsyon taks sou yon kay yo posede oswa rete ladan l. Piske montan egzanpsyon an varye, kontakte biwo evalyatè lokal la pou jwenn plis detay. Yo ka soumèt yon Sètifika Avègleman ki ajou oswa Kat Idantifikasyon MCB a pou yo pwouve yo avèg legalman.

Egzanpsyon Taks Dasiz sou Machin

Pasyan yo ka elijib pou yo benefisye yon egzanpsyon taks dasiz sou yon machin ki anrejistre sou non yo. Pou aplike pou egzanpsyon sa a, kontakte depatman taks lokal la. Yo ka soumèt yon Sètifika Avègleman ki ajou oswa Kat Idantifikasyon MCB a pou yo pwouve yo avèg legalman.

Asirans Sekirite Sosyal pou Moun ki Gen Andikap (Social Security Disability Insurance, SSDI) ak Revni Sekirite Siplementè (Supplemental Security Income, SSI)

Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) Etazini genyen règ espesyal ki pèmèt moun ki avèg oswa ki gen pwoblèm pou wè yo benefisye avantaj lè yo pa kapab travay. SSA peye avantaj yo nan kad de (2) pwogram: pwogram Asirans Sekirite Sosyal pou Moun ki Gen Andikap (Social Security Disability Insurance, SSDI)

ak pwogram Revni Sekirite Siplementè (Supplemental Security Income, SSI).

Byenke règ medikal SSA itilize pou l deside si yon moun avèg se menm pou chak pwogram, lòt règ yo diferan.

Pwogram Ekipman Telefòn Espesyalize

Pasyan yo ka elijib pou yon telefòn espesyalize nan Pwogram Distribisyon Ekipman Massachusetts la (Massachusetts Equipment Distribution Program, MassEDP). Selon nivo revni pasyan an, telefòn nan ka gratis oswa li ka vini nan yon pri redui. MassEDP bay yon telefòn fiks oswa yon aparèy san fil. MassEDP pa peye frè plan sèvis pou aparèy san fil yo.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou MassEDP ak zafè elijiblite, kontakte MassEDP:

- Telefòn: 800-300-5658
- Ale sou: mass.gov/edp

Avantaj yo, kontinye

Plak ak Afich pou Moun ki Gen Andikap

Pasyan yo elijib pou yo jwenn plak ak afich pou moun ki gen andikap Rejis Veyikil-a-Motè (Registry of Motor Vehicles, RMV) Massachusetts bay. Plak ak Afich yo pèmèt moun ki gen andikap yo pakin machin yo nan pakin ki rezève pou moun ki gen andikap yo. Epitou, yo pèmèt moun ki gen andikap yo pakin toupre pakomèt yo san yo pa peye okenn frè. Yo bay plak yo pou moun ki gen andikap epi ki gen machin ak motosiklèt. Yo afiche afich yo sou retwovizè yo epi se rezidan ki kalifye yo bay yo pou yon tan tanporè oswa pèmanan.

Afich pou Moun ki Gen Andikap

- Yo pa mande okenn frè pou yon afich.
- Moun ki gen andikap la pa oblige genyen yon machin ki anrejistre sou non li.

Plak pou Moun ki Gen Andikap

- Gen frè pou enskripsyon.
- Se sèlman moun ki se pwopriyetè prensipal la epi ki gen yon machin ki anrejistre sou non l yo bay li.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, kontakte RMV a:

- Telefòn (Zafè Medikal RMV): 857-368-8020
- Ale sou mass.gov/rmv

Yon Sètifika Avègleman kapab ranplase yon sètifikasyon pwofesyonèl swen sante pou aplikasyon an.

Remak: Pasyan yo oblige bay lisans chofè Massachusetts yo a. Lalwa egzije MCB pou li enfòme RMV sou tout ka avègleman legal yo.

Kat Blind Access CharlieCard MBTA

Pasyan yo, ansanm avèk yon moun ki akonpaye yo, kapab itilize pifò sèvis MBTA yo gratis avèk yon kat Blind Access CharlieCard. Kat sa yo valab pou senk (5) lane.

Pasyan yo kapab aplike pou yo jwenn youn tounèf, renouvele, oswa ranplase kat Blind Access CharlieCard la anliy oswa nan Magazen CharlieCard la.

- Aplike anliy nan mbta.com/fares/reduced/blind-access-charlie-card

Epitou, pasyan yo kapab ranplase yon kat Blind Access CharlieCard ki pèdi, yo vòlè, oswa ki ekspire lè yo kontakte Sèvis Kliyantèl MBTA a.

- Telefòn: 617-222-3200
- Imèl nan mbta.com/customer-support

Avantaj yo, kontinye

Sèvis The RIDE

Sèvis transpò adapte The RIDE bay sèvis transpò piblik pòtapòt, pataj kous pou moun ki pa kapab pran metwo, bis, oswa machin lari yo toutan oswa pafwa akoz andikap tanporè oswa andikap pèmanan.

The RIDE disponib pandan tout ane a nan 58 vil nan zòn gran Boston an, avèk menm orè fonksyònman pou MBTA – ki jeneralman soti 5è nan maten rive 1è nan maten chak jou. Pasyan yo pwograme kous yo nan The RIDE youn (1) a senk (5) jou alavans epi yo ba yo yon delè pou machin yo a rive. Tan trajè yo menm jan ak lè ou pran yon bis, metwo, oswa machin lari yo, men avèk 20 minit anplis. Menm jan ak lòt sèvis transpò piblik yo, The RIDE se yon sèvis ki pataje. Kidonk, pasaje yo vwayaje avèk lòt pasyan ki prale menm kote ak tout moun.

Aprann fason pou aplike pou the RIDE nan lyen sa a mbta.com/accessibility/the-ride.

Sant Mouvman MBTA

Sant Mouvman an, ki chita kò li nan 1000 Massachusetts Avenue nan Boston, disponib pou nenpòt moun k ap chèche eksplore opsyon transpò piblik yo ak lòt resous transpò nan kominate a.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, kontakte Sant Mouvman an:
Telefòn: 617-337-2727

Lòt Transpò Rejyonal

Genyen 15 Otorite Transpò Piblik Rejyonal (Regional Transit Authorities, RTA) ki bay sèvis wout fiks ak transpò ki adapte nan tout Massachusetts. Moun aje ak moun ki gen andikap yo gendwa kalifye pou benefisyé rabè lè yo itilize sèvis wout fiks la. Lwa pou Ameriken ki gen Andikap

(Americans with Disabilities Act, ADA) mande pou otorite transpò piblik yo bay sèvis transpò ki adapte nan kèk sikonsans. Transpò ki adapte ADA egzize a se yon sèvis ki baze sou elijiblite pou moun ki gen andikap yo ki pafwa oswa toujou anpeche yo itilize sèvis wout fiks la epi ki ale nan zòn sèvis wout fiks la desèvi. Men, genyen kèk otorite transpò piblik tou ki bay sèvis transpò ki adapte anplis ki depase egzijans gouvènman federal la fè yo.

Epitou, gen anpil konsèy pou vyeyisman nan Massachusetts ki bay moun ki gen andikap yo sèvis transpò anplis moun aje yo. Jwenn konsèy sou vyeyisman ki nan zòn ou an sou mcoaonline.com.

Pou w konnen plis sou kalite sèvis otorite transpò piblik yo bay epi ki minisipalite ki se manm nan chak otorite transpò piblik, ale nan lyen sa a mass.gov/publictransportation.

Dwa pou Vote

Eta Massachusetts pran angajman pou li asire l tout moun kapab vote byen fasil. Sekretè Commonwealth la verifye chak biwo vòt pou l gade si li respekte règ aksesibilite Eta a, epi li bay moun k ap travay nan biwo vòt fòmasyon pou yo ka ede elektè ki gen andikap yo. Tanpri kontakte Divizyon Elektoral Sekretè Commonwealth la si ou genyen sijesyon sou fason pou li amelyore zafè aksesibilite a.

Telefòn: 1-800-462-8683

TTY: 1-800-720-3480

Imèl: elections@sec.state.ma.us

Avantaj yo, kontinye

Bibliyotèk Liv Odyo yo

Bibliyotèk Perkins ak bibliyotèk Worcester pèmèt plizyè milye moun k ap prete liv ki enskri ladan yo nan tout Massachusetts, ki pa kapab li dokiman enprime yo akoz pèt vizyon, andikap fizik oswa pwoblèm lekti, jwenn gratis ti cheri liv, jounal, ak piblikasyon sou fòma odyo nimerik, gwo ekriti, ak bray, ekipman lekti yo ka prete, ansanm avèk fim ki gen deskripsiyon odyo, ak sèvis jounal pale Newsline la. Fòk youn nan moun sa yo sètifye aplikasyon pou sèvis la ak elijiblite moun ki gen andikap la: pwofesyonèl reyabilitasyon oswa pwofesyonèl medikal, oftalmològ, espesyalis je, edikatè, travayè sosyal, responsab do-sye, konseye, pwofesè reyabilitasyon, espesyalis nan zafè lekti, sikològ nan lekòl, direktè, oswa bibliyotekè, ak/oswa pèsonèl pwofesyonèl lekòl yo, lopital yo, klinik yo, oswa ajans Eta oswa ajans prive yo.

Pou w jwenn yon aplikasyon pou sèvis bibliyotèk gratis, rele oswa voye imèl:

Bibliyotèk Liv Bray ak Odyo Perkins

800-852-3133

www.perkinslibrary.org

library@perkins.org

Bibliyotèk Liv Odyo Worcester

800-762-0085

talkingbook.mywpl.org

talkbook@mywpl.org

Rezo Enfòmasyon Odyo Massachusetts (Massachusetts Audio Information Network, MAIN)

Rezo Enfòmasyon Odyo Massachusetts (mass.gov/mcb/main) se yon gwoup òganizasyon san bi pou fè pwofi nan Massachusetts ki bay

sèvis lekti radyo-fonik. Chak òganizasyon fè lekti dokiman yo pou asire nouvèl lokal ak enfòmasyon enpòtan yo aksesib pou moun ki avèg, moun ki pa wè twò byen, ak moun ki pa kapab li lèt ki enprime. Pami dokiman yo li yo genyen jounal, magazin, liv, ak anons kominotè yo.

Sèvis lekti radyo-fonik la disponib nan telefòn, sou Entènèt (sitwèb chak estasyon), nan opalè entèlijan yo (Alexa ak Google), aplikasyon mobil pou iPhone ak Android, pòdkastin, estasyon televizyon aksè kominotè lokal, ak reseptè radyo espesyalize – gratis ti cheri pou oditè yo.

Se Commonwealth Massachusetts, sibvansyon fondasyon lokal yo, ak don antrepriz ak moun yo fè ki finanse òganizasyon MAIN yo.

Chak òganizasyon MAIN fonksyone poukонт li. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou sèvis sa a oswa pou w fè sèvis benevòl, tanpri kontakte youn nan òganizasyon yo dirèkteman.

Audible Local Ledger
(Mashpee)
audiblelocalledger.org
508-539-2030

Audio Journal
(Worcester)
audiojournal.org
508-797-1117

Berkshire Talking Chronicle
(Pittsfield)
ucpwma.org/assistive-technology-at/at-resources/
413-442-1562

Lowell Association for the Blind
(Lowell)
lowellassociationfortheblind.org
978-454-5704

Talking Information Center
(Marshfield)
ticnetwork.org
781-834-4400

Valley Eye Radio
(Springfield)
valleyeyeradio.org
413-747-7337

Reyadaptasyon Sosyal (RS)

Sèvis Reyadaptasyon Sosyal yo ede pasyan yo vin pi endepandan lakay yo ak nan kominote yo pandan yo ap adapte yo ak pèt vizyon yo a.

Konseye Reyadaptasyon Sosyal yo mete pasyan yo an kontak avèk sèvis sipò yo anndan ajans lan, ki gen ladan yo ansèyman reyadaptasyon, oryantasyon ak mouvman, ak teknoloji ki la pou ede moun ki gen andikap. Pasyan yo resevwa sèvis yo lakay yo. Pasyan an ak konseye a travay ansanm pou yo chwazi sèvis ki pi apwopriye yo epi devlope yon Plan Sèvis Pèsonalize (Individualized Service Plan, ISP).

Konseye a ka ede pasyan an jwenn sèvis deyò yo oswa resous kominotè yo, ki gen ladan yo konsèy sou vyeyisman, sèvis pou moun aje, sistèm transpò, elatriye.

Sèvis yo vrèman espesyalize selon bezwen ak objektif pasyan an, men yo gendwa gen ladan yo:

- Ansèyman Reyadaptasyon – Aprann nouvo fason pou fè aktivite chak jou yo; aprann itilize fonksyonalite aksesibilite ki nan aparèy entèlijan yo (Apple ak Android); bay èd ak aparèy pou moun ki pa wè byen.
- Oryantasyon ak Mouvman – Aprann deplase nan anviwònman li san pwoblèm. Espesyalis ki Sètifye nan Oryantasyon ak Mouvman (Certified Orientation and Mobility Specialists, COMS) yo bay moun ki gen andikap la fòmasyon pèsonalize pou bezwen deplasman li an, ki gen ladan l' itilizasyon yon baton blan,



oryantasyon anndan lakay li ak kominote a, itilizasyon transpò piblik ak sèvis transpò ki adapte, ak fòmasyon gid moun pou fanmi ak moun k ap bay swen yo nan sèvis la.

- Teknoloji pou Ede Moun ki Gen Andikap – Montre pasyan yo fason pou yo itilize teknoloji, ki gen ladan l opalè entèlajan ak agrandisman vidyeo, pou yo ogmante granmounite yo, reprann aktivite yo te renmen fè oparavan yo, epi dekouvri lòt opòtinite.
- Evalyasyon ak Aparèy pou Moun ki Pa Wè Byen – Oftalmològ ak espesyalis je ki espesyalize nan moun ki pa wè byen yo evalye pwoblèm je yo epi yo preskri aparèy agrandisman ki apwopriye yo. Yo jwenn mwayen pou yo ogmante rès vizyon an nan itilize linèt espesyal ak ekleraj. Selon elijiblite, disponiblite pwofesyonèl swen je yo, ak finansman.
- Gwoup Sipò Kominotè – Konseye yo di pasyan yo fason pou yo antre nan gwoup sipò ki nan kominote yo a epi yo mete yo an kontak avèk gwoup sa yo si sa nesesè. Gwoup sipò yo pèmèt moun ki avèg ak moun ki gen pwoblèm pou wè yo antre an kontak youn ak lòt, pataje eksperyans yo, pale sou fristrasyon yo, selebre reyisit yo, epi twoke enfòmasyon ki itil.



Sèvis pou Timoun

Lè yon timoun enskri nan MCB, gen sipò ki disponib pou fanmi yo atravè pwogram Sèvis pou Timoun MCB a. Moun k ap travay nan Sèvis pou Timoun (Children's Services workers (CSW) yo gen yon dividal enfòmasyon ak resous pou yo ede timoun ki avèg legalman yo grandi ak devlope.

Pwosesis la

- Depi yon timoun enskri nan MCB, yon moun k ap travay nan sèvis pou timoun nan ap kontakte fanmi an pou l pwogramme yon vizit adomisil oswa yon reyinyon vityèl. Pandan reyinyon sa a, li ap ek-splike avantaj ak sèvis ki disponib pou pèmèt timoun nan dekouvrir tout sa li kapab fè.
- Si fanmi an vle benefisyè sèvis MCB yo, moun k ap travay nan sèvis pou timoun nan ap elabore yon Plan Sèvis Pèsonalize (Individualized Service Plan, ISP) sou baz objektif ak bezwen li idantifye pandan pwosesis admisyon an. Yo adapte sèvis yo ak bezwen chak timoun.
- Moun k ap travay nan Sèvis pou Timoun yo pote kole avèk timoun yo ak fanmi yo pou prepare yo epi ede yo fè tranzisyon an lè yo ap kite pwogram Sèvis pou Timoun nan.
- Si yon fanmi pa vle benefisyè sèvis yo nan moman an, li kapab mande sèvis yo pi devan. Yon fanmi pa oblige itilize sèvis yo si l pa vle.

Sèvis pou Timoun, kontinye

**Men sa yon Plan Sèvis Pèsonalize
(Individualized Service Plan, ISP) gen ladan li:**

- Enfòmasyon sou MCB ak referans pou sèvis li yo
- Kolaborasyon ant ajans yo avèk patnè Eta yo ak òganizasyon kominotè yo
- Jesyon dosye
- Sipò pou fè tranzisyon
- Pledwaye (san wete pou sèvis swen je nan reyinyon sou Plan Edikasyon Pèsonalize yo)
- Depistaj pwoblèm je ak referans pou Revni Sekirite Siplemantè (Supplemental Security Income, SSI)
- Èd pou ranpli aplikasyon ak fè pwosedi ki gen pou wè ak pwogram MassHealth yo
 - » CommonHealth
 - » Pwogram Kaileigh Mulligan
- Referans Ekip Evalyasyon Medikal (Medical Review Team, MRT)
- Afich pou moun ki gen andikap atravè Rejis Veyikil-a-Motè (Registry of Motor Vehicles, RMV)
- Konsèy sikolojik
- Aktivite sosyal ak lwazi (yo varye selon rejyon an)

Si fanmi an elijib sou baz revni epi li gen fon ki disponib:

- Finansman fleksib pou kore fanmi
- Èd lajan pou peye kandete ak pwogram lwazi





Pwogram pou Moun Aje ki Avèg epi k ap Viv Poukont yo (Older Independent Blind, OIB)

Gen sibvansyon federal ki al jwenn MCB selon Tit VII, Chapit II nan Lwa ane 1973 sou Reyadaptasyon, jan Tit IV nan Lwa sou Inovasyon ak Opòtinite nan zafè Mendèv la amande li a. Pwogram OIB MCB a bay moun ki genyen 55 lane oswa plis yo epi ki genyen gwo pwoblèm je sèvis sipò. Sèvis sa yo ede moun ki gen difikilte pou jwenn travay akoz je yo ki pa bon, men ki kanmenm kapab atenn objektif granmounite yo a.

Apèsi

Pwogram OIB MCB a ede moun aje ki avèg legalman k ap fè fas ak pwoblèm ki gen pou wè ak laj oswa izòlman sosyal nan ofri yo sèvis dirèk oswa sèvis yo achte. Sèvis sa yo vize ede yo viv poukont yo epi ak konfyans lakay yo ak nan kominate yo.

Elijiblite

Men ki moun nan Massachusetts Pwogram OIB MCB a bay sèvis:

- Moun ki gen 55 lane oswa plis;
- Moun ki avèg legalman;

(kontinye nan pwochen paj la)

Pwogram pou Moun Aje ki Avèg epi k ap Viv Poukont yo (Older Independent Blind, OIB), kontinye

- Moun avègleman legal la fè yo kapab fonksyone poukont yo lakay yo oswa nan kominate a; epi
- Moun sèvis pou ede moun viv endependan yo ap amelyore kapisite yo pou yo fonksyone, kontinye fonksyone, oswa vanse tipa tipa jiskaske yo kapab fonksyone lakay yo oswa nan kominate yo poukont yo.

Sèvis

Selon bezwen endividyèl yo, Pwogram OIB MCB a ka bay pasyan ki elijib yo sèvis sa yo:

- Jesyon dosye ak pledwaye
- Ansèyman reyadaptasyon, ki gen ladan l konpetans pou viv an granmoun, fòmasyon, preparasyon repa, menaj, swen pèsonal, sekirite, ak jesyon medikaman
- Fòmasyon pou oryantasyon ak mouvman
- Evalyasyon ak aparèy pou moun ki pa wè byen, tankou agrandisman vidéyo, loup pòtab, ak lòt aparèy yo idantifye
- Teknoloji ak fòmasyon pou ede moun ki gen andikap
- Konsèy sou fason pou adapte ak avègleman
- Enfòmasyon ak referans nan resous kominotè yo
- Fòmasyon sou dyabèt

- Prezantasyon sou pèt vizyon pou amelyore edikasyon piblik la Sèvis OIB yo disponib nan tout Eta a men sa depannde si genyen fon sibvansyon.

Gwoup Sipò Kominotè

MCB bay Asosyasyon Massachusetts pou Moun ki Avèg ak Moun ki Gen Pwoblèm pou Wè (Massachusetts Association for the Blind and Visually Impaired, MABVI) ak Sèvis pou Moun ki Pèdi Je yo finansman pou pèmèt yo òganize sipò kominotè GRATIS nan tout Eta a.

**Massachusetts Association
for the Blind and
Visually Impaired (MABVI)**
mabvi.org
mabvi@mabcommunity.org
888-613-2777

Sight Loss Services
sightloss.org
info@sightloss.org
508-394-3904





Reyabilitasyon Pwofesyonèl (RP)

ki gen ladan l Sèvis Tranzisyon Anvan Travay, Sèvi Travay, ak Distribitè

MCB ofri pasyan ki elijib yo sèvis reyadaptasyon pwofesyonèl pou yo ka jwenn ak kenbe yon travay.

Pou pasyan yo elijib pou sèvis reyadaptasyon pwofesyonèl yo, men obligasyon yo genyen:

- Fòk yo genyen yon gwo difikilte pou yo jwenn travay akoz avègleman legal yo a
- Fòk yo mande sèvis pou yo jwenn oswa kenbe yon travay ki entegre epi ki konpetitif
- Fòk yo kapab itilize sèvis yo pou ede jwenn travay

Pwosesis

- Lè yo fin detèmine pasyan an elijib, li ap rankontre avèk yon konseye nan reyadaptasyon pwofesyonèl pou l pale sou konpetans li, enterè l, ak objektif li.
- Pasyan an ak konseye a ap elabore yon Plan Endividyal pou Travay (Individual Plan for Employment, IPE) ki dekri sèvis yo.
- Yo ap bay sèvis sa yo jiskaske pasyan an rive jwenn yon travay epi li kapab ranpli tout fonksyon esansyèl travay la kòmsadwa.

Reyadaptasyon Pwofesyonèl (RP), kontinye

Sèvis yo vrèman espesyalize selon bezwen ak objektif pasyan an, men yo gendwa gen ladan yo:

Enfòmasyon ak Referans

- Èd pou ranpli aplikasyon pou benefisyé avantaj ki gen pou wè ak avègleman (Sètifica Avègleman, Kat Identifikasyon MCB, plak ak afich pou moun ki gen andikap, kat Blind Access CharlieCard MBTA, elatriye).
- Èd pou antre an kontak avèk divès ajans tankou Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA, Social Security Administration) Etazini, Mass-Health, Zafè Veteran (Veterans Affairs), oswa lòt resous kominotè yo.

Konsèy ak Oryantasyon Pwofesyonèl

- Eksplike ak pale sou enterè, pakou pwofesyonèl, ak opsyon ki konsène travay, ki gen ladan l envantè enterè, fè seve ak lèt motivasyon, èd pou ranpli aplikasyon travay, ak similasyon entèvyou.

Evalyasyon Moun ki Pa Wè Byen ak Tretman Andikap

- Nan kèk sitiyasyon, voye yon pasyan al wè yon pwofesyonèl swen je ki espesyalize nan moun ki pa wè byen pou l evalye fonksyònan je l. MCB ka an mezi pou l peye pou aparèy ki elijib yo.

Oryantasyon ak Mobilite

- Montre pasyan an fason pou l deplase ak jwenn chemen l nan nouvo anviwònman yo, tankou espas travay ak transpò piblik. Epi-tou, yo souvan montre pasyan an fason pou l itilize yon baton blan.

Ansèyman Reyadaptasyon

Montre pasyan an fason pou l fè aktivite senp chak jou yo ankò oswa fè yo nan yon lòt mannyè.

Sa kapab gen ladan l preparasyon manje, kuit manje, ranje bagay, idantifye bagay, ak fè netwayaj.

Epitou, sa ka gen ladan l evalyasyon aparèy agrandisman ak lòt aparèy teknoloji fèb yo.

Aparèy Teknoloji pou Ede Moun Ki Gen Andikap ak Fòmasyon

- Evalye, bay, epi fòme nan divès ekipman, zouti, ak aparèy ki pèmèt moun ki gen andikap yo jwenn dokiman enprime ak/oswa dokiman elektwonik ak/oswa travay.

Kolèj/Invèsite

- Finansman chak trimès selon kritè elijiblite FAFSA ak detèminasyon bezwen moun ki gen andikap la genyen ki pa satisfè a. Gen finansman pou liv ak materyèl tou.
- Èd pou travay avèk sèvis pou moun ki gen andikap yo pou asire yo benefisyé aranjman ki apwopriye yo.

Fòmasyon pou Preparasyon pou Travay (ki gen ladan l adaptasyon ak pèt vizyon an)

- Voye moun nan al wè yon pwofesyonèl swen je pou l resevwa yon fòmasyon entansif sou fason pou l adapte l ak avègleman an pou l

Reyadaptasyon Pwofesyonèl (RP), kontinye

ka prepare pou l retounen nan travay.


- Bay opòtinite pou fè estaj.
- Bay fòmasyon sou konpetans jeneral yo.
- Aprann entè aji ak kominike byen pou jwenn yon nouvo travay, sitou si moun nan se yon moun ki avèg oswa ki gen pwoblèm pou wè.

Sèvis Plasman nan Travay

- Fè yon Espesyalis nan Sèvis Anplwa bay moun nan yon oryantasyon fas-a-fas oswa voye moun nan ale nan yon ajans kominotè. Yo ka fè moun nan eseye fè yon travay pandan yon tan oswa ba li èd pou l kòmanse yon nouvo travay.

Konsèy sou zafè Avantaj

- Voye moun nan al wè yon espesyalis nan zafè avantaj pou eksplike l jan avantaj Revni Sekirite Siplementè (Supplemental Security Income, SSI) oswa avantaj Asirans Sekirite Sosyal pou Moun ki Gen Andikap (Social Security Disability Insurance, SSDI) ap afekte lè li jwenn travay.



Sèvis Tranzisyon Anvan Travay la (Pre-Employment Transition Services, Pre-ETS)

Lwa sou Inovasyon ak Opòtinite nan zafè Mendèv (Workforce Innovation and Opportunity Act, W.I.O.A.) egzije pou ajans reyadaptasyon pwofesyonèl yo rezève omwen 15% nan fon federal yo pou yo bay "etidyan ki gen andikap ki elijib oswa ki petèt elijib pou sèvis reyadaptasyon pwofesyonèl" yo "sèvis tranzisyon anvan travay (Pre-ETS)." W.I.O.A. defini senk (5) kategori sèvis etidyan ki elijib pou Pre-ETS yo ta dwe resevwa pou pèmèt yo pi byen prepare pou edikasyon apre lekòl segondè, pou yo viv an grammoun, ak jwenn travay. Senk (5) kategori sèvis Pre-ETS yo se:

- Konsèy pou Chèche Travay
- Aprantisaj nan Travay
- Konsèy sou Edikasyon Apre Lekòl Segondè ak Opòtinite Fòmasyon
- Fòmasyon sou Preparasyon pou Travay
- Montre Moun nan Defann Tèt Li

MCB peye epi siyen kontra avèk kèk òganizasyon ki pa gen objektif pou fè pwofi ak patnè edikatif pou bay sèvis Pre-ETS yo. Sèvis Pre-ETS yo fèt pou konplete sèvis tranzisyon moun nan deja ap resevwa annan dan ajans edikasyon lokal la. Sèvis Pre-ETS yo pi efikas lè edikatè yo, fanmi yo, ak anplwayè yo pran angajman pou yo travay ansanm pou yo ede elèv la. Lè tout moun travay byen ansanm, ekip tranzisyon an kapab ede elèv ki gen andikap yo nan divès mannyè, pandan li ap asire yo jwenn sa yo bezwen epi yo genyen plis chans pou yo reyisi lè yo fini lekòl.

Reyadaptasyon Pwofesyonèl (RP), kontinye

Sèvis Travay

MCB ede moun ki elijib pou reyadaptasyon pwofesyonèl yo jwenn travay.

Pèsonèl Sèvis Travay MCB a travay nan tèt ansanm avèk konseye reyadaptasyon pwofesyonèl MCB yo pou ede moun k ap chèche travay yo jwenn travay. Sèvis dirèk yo fleksib selon bezwen endividylèl chak moun k ap chèche travay epi men sa sèvis yo ka gen ladan yo:

- Fason pou fè korikolòm vite ak ekri lèt motivasyon
- Fason pou ekri lèt ak imèl pou biznis
- Similasyon entèvyou
- Fason pou antre an kontak ak moun pou jwenn travay
- Voye moun ale nan kèk pwogram selon elijiblite yo

Nou rekonèt bagay sa yo difisil pou nenpòt moun k ap chèche travay, men yo pi difisil toujou pou moun ki avèg legalman yo.

Nou kapab ede yo chèche travay tou epi ba yo enfòmasyon sou fwa travay yo ak evènman kote konpayi yo rekrite moun.

Espètiz Enpòtan ak Itilizasyon Kontak pou Reyisi (Leading Expertise and Networking for Success, LENS)

LENS se yon pwogram ankadreman pou moun k ap chèche travay ki gen ant 14 ak 22 lane ki avèg oswa ki pa wè byen. Yo mete moun k ap

patisipe yo avèk yon konseye ki avèg legalman oswa ki pa wè byen epi ki ap travay. Objektif la se amelyore rezulta pwofesyonèl yo epi kore devlopman pèsonèl tranzisyon an gras ak yon ankadreman vityèl fas-a-fas. Yo mete aksan sou eksplorasyon karyè, definisyon objektif, konpetans jeneral, ak pwosesis aplikasyon pou travay la.

Pwogram Estaj nan Sezon Ete

Lè yon moun gen eksperyans travay pandan li jèn, sa ede l reysi nan karyè li pi devan. Men pou moun ki gen andikap yo, li souvan difisil pou yo jwenn premye travay yo. MCB ap travay pou li og-mante pou santaj moun ki gen andikap k ap travay. Pwogram Estaj pandan Ete nou òganize chak ane, ki te lanse nan lane 2003, se yon patenarya piblik-prive san parèy ki kreye opòtinite travay pou elèv ki nan lekòl segondè ak etidyan ki nan kolèj epi ki avèg legalman, ansanm avèk moun ki nan chomaj k ap chèche travay. Nou bay moun k ap patisipe yo fè estaj ki konpetitif nan tout Massachusetts ak opòtinite pou yo devlope konpetans pwofesyonèl nan anviwònman reyèl yo. MCB bay chak estajyè yon alokasyon ak teknoloji adaptasyon ki nesesè pou li fè travay li.

Seyans Enfòmasyon sou Anplwayè ak Wèbinè

MCB envite anplwayè yo enfòme yo sou sipò nou bay anvan, pandan, ak apre pwosesis rekritman an. Soti nan premye rekritman an rive nan amenajman espas travay la, anplwayè yo ap dekouvri konpayi ki te rive rekrite moun ki avèg legalman yo. Mete sou wèbinè yo, pèsonèl Sèvis Travay la kontan pou l bay fòmasyon sou plas nan konpayi yo oswa sou entènèt.

Reyadaptasyon Pwofesyonèl (RP), kontinye

Fwa Travay

MCB organize yon fwa travay chak ane nan sezon otòn ki fèt espesyalman pou moun ki enskri k ap chèche travay. Moun k ap chèche travay yo gen okazyon pou yo montre anplwayè yo jan yo pare pou yo itilize konpetans ak eksperyans yo nan travay la. MCB ka organize fwa travay yo fas-a-fas oswa sou entènèt selon fòma a.



Pwogram Distribitè Otomatik Randolph-Sheppard

Pwogram Distribitè Otomatik MCB a, ki fonksyone anba Lwa federal Randolph-Sheppard la, prepare moun ki avèg legalman yo pou yo gen yon karyè ki satisfezan nan zafè jesyon konsesyon.

Distribitè otomatik yo nan bilding federal ak biling Eta yo. Pou kounye a, pifò ladan yo chita kò yo nan zòn Gran Boston an.

Egzijans Federal pou Elijiblite

- Fòk moun nan avèg legalman
- Fòk moun nan gen 18 lane oswa pi plis
- Fòk moun nan se sitwayen Ameriken

Kalite kote yo

- Kyòs jounal
- Kote yo vann ti goute
- Kote yo vann kafe ak bwason
- Kafeterya



Reyadaptasyon Pwofesyonèl (RP), kontinye

Pwosesis la

- Referans konseye reyadaptasyon pwofesyonèl MCB
- Reyinyon pou pran enfòmasyon
- Entèvyou
- Fòmasyon nan salklas epi nan travay
- Chwa pou yon kote ki disponib fèt sou baz ansyènte moun nan ak konpetans li genyen

Sa ki Nan Fòmasyon an

- Sèvis kliyantèl ak jesyon kès
- Fason pou kèmande, estoke, vann, ak fè maketin pou pwodui
- Preparasyon manje
- Bòlèt nan Eta Massachusetts
- Jesyon lajan

Responsabilite Vandè

- Fè kote ki gen distribitè otomatik la fonksyone chak jou
- Bay sèvis kliyantèl

- Achte, vann, ak fè marketing
- Fè antretyen ak reparasyon ekipman
- Rekrite ak fòme anplwaye
- Jesyon lajan

Responsablité MCB

- Aksepte referans yo epi evalye moun ki pral aplike pou pwogram nan
- Bay fòmasyon nan tout domèn pwogram nan
- Bay ekipman epi fè premye envantè pou chak kote
- Evalye chak vandè ak kote pou wè si yo respekte règleman federal ak règleman Eta yo ak tout lwa ki an vigè yo



Yon pasyan ki enterese yo ta dwe kontakte konseye rey-adaptasyon pwofesyonèl MCB li a pou l wè si pwogram sa a t ap apwopriye pou li.

Sipò Elaji pou Moun ki Soud ak Avèg (Deaf Blind Extended Supports, DBES)

Konseye DBES yo bay pasyan ki gen 14 lane oswa plis ki soud ak avèg epi/oswa ki avèg legalman epi ki gen pwoblèm koyitif, emosyonèl, ak konpòtmantal, ak pwoblèm sante ki konplèks sèvis nan tout Eta a. Objektif la se ogmante granmounite yo epi fè yo patisipe nan komi-note a. Konseye DBES yo bay pasyan nou genyen ki elijib yo divès sèvis tankou konsèy ak asistans pratik nan zafè resous kominotè ak sèvis yo achte.

Sèvis yo vrèman espesyalize selon bezwen ak objektif pasyan an, elijiblite li pou pwogram nan, ak disponiblite fon, men yo gendwa gen ladan yo:

- Jesyon dosye ak pledwaye
- Enfòmasyon ak referans nan resous kominotè yo ak lòt ajans Eta yo
- Referans pou oryantasyon ak mouvman
- Ansèyman reyadaptasyon
- Teknoloji adaptasyon ak fòmasyon
- Repo

(kontinye nan pwochen paj la)



Sipò Elaji pou Moun ki Soud ak Avèg (Deaf Blind Extended Supports, DBES) kontinye

- Sèvis èd adomisil
- Finansman fleksib pou fanmi
- Finansman pou lwazi ak kandete
- Referans pou ale nan Rezo Aksè Kominote Moun ki Soud ak Avèg (DeafBlind Community Access Network, DBCAN)
- Referans pou ale nan Sant Kontak Moun ki Soud ak Avèg
- Sipò lajounen nan kominate a/sant lan
- Konsèy ak oryantasyon pwofesyonèl
 - » Evalyasyon bezwen pwofesyonèl ak konpetans pwofesyonèl debaz
 - » Eksplike ak pale sou enterè, pakou pwofesyonèl, ak opsyon ki konsène travay. Epitou, sa ka gen ladan l ranfòsman konpetans pratik, fè seve ak lèt motivasyon, èd pou ranpli aplikasyon travay, ak similasyon entèvyou.
 - » Kolèj/inivèsite: Finansman chak trimès selon kritè elijiblite FAFSA ak detèminasyon bezwen moun ki gen andikap la genyen ki pa satisfè a. Gen finansman pou liv ak materyèl tou.
 - » Fòmasyon pou prepare moun pou travay ak sèvis pou mete moun nan travay ki gen ladan l referans pou ale nan ajans kominotè ki espesyalize nan ede moun ki Soud ak Avèg jwenn travay.

Konseye DBES yo sèvi pasyan ki Soud ak Avèg ki rive nan laj 22 lane epi ki mande sipò entansif pou plasman nan etablisman 24 sou 24, 7 sou 7 nan Massachusetts lè yo fin kite lekòl. MCB konte sou finansman Eta a pou li bay pasyan sa yo sèvis nan etablisman.

Pou jwenn plis enfòmasyon:

Rele nan: 800-392-6450 (vwa)

Videyo telefòn: 857-366-4198

Imèl: DeafBlind@mass.gov

Ale sou: mass.gov/mcb



Ansèyman Reyadaptasyon (Terapi pou Reyadaptasyon Vizyon)


Ansèyman Reyadaptasyon (Terapi pou Reyadaptasyon Vizyon) se pwoesisis edikatif ki prepare yon pasyan pou l ka fè aktivite chak jou yo san danje epi poukонт li nan nenpòt anviwònman.

Pwofesè Reyadaptasyon (Terapet Reyadaptasyon Vizyon) montre pasyan yo fason pou yo itilize konpetans ak teknoloji pou ede moun ki gen andikap yo pou yo ka viv san danje, travay byen, epi viv san èd moun. Sèvis ansèyman espesyalize yo, ki gen ladan yo aparèy ak teknik senp yo, kapab amelyore kalite lavi pasyan yo. Yo pale sou objektif ki rezonab. Yo planifye ak bay sèvis sa yo selon bezwen endividyle, enterè, ak aptitud pasyan an.

Men bagay espesifik Pwofesè Reyadaptasyon yo (Terapet Reyadaptasyon Vizyon yo) ka anseye:

Antretyen ak Jesyon Kay

- Fason pou itilize koulè diferan ak mak moun kapab touche sou aparèy ak atik elektwomenaje yo
- Fason pou fè manje, òganize kizin, jere sekirite, ak itilize aparèy yo
- Fason pou ranje kay, fè netwayaj, ak teknik pou idantifye bagay



Ansèyman Reyadaptasyon (Terapi pou Reyadaptasyon Vizyon), kontinye

Jesyon Pèsonèl

- Swen pèsonèl (fè twalèt, ranje rad, ak swen)
- Idantifikasyon/jesyon medikaman
- Oryantasyon nan tan
- Bidjè ak konsèvasyon dosye
- Jesyon lajan

Aktivite Iwazi

- Liv odyo (BARD, Bibliyotèk Liv Odyo Perkins, Newsline)
- Pastan (fè atizana, koud, elatriye)
- Rezo Enfòmasyon Odyo Massachusetts

Sistèm Kominikasyon

- Itilizasyon telefòn/esmatfòn debaz
- Ekriti
- Konpetans nan bray



Pwofite Itilize Ti Rès Wè ki Rete a

- Byen itilize aparèy pou moun ki pa wè byen yo
- Evalyasyon fason moun nan ka wè
- Agrandisman ak ekleraj
- Aparèy ki itilize limyè ak aparèy ki pa itilize limyè

Evalyasyon Teknoloji pou Ede Moun ki Gen Andikap yo

- Konpetans nan zafè klavye
- Itilizasyon lojisyèl pou agrandi ekran ak li sou ekran
- Aplikasyon esmatfòn

Oryantasyon ak Mouvman (OM)

Espesyalis Sètifye nan Oryantasyon ak Mouvman (Certified Orientation and Mobility Specialists, COMS) MCB yo bay moun ki gen andikap la fòmasyon pèsonalize sou zafè Oryantasyon ak Mouvman, ki gen ladan l fason pou l deplase avèk yon baton ki long, oryantasyon nan novo anviwònman yo, ak evalyasyon nan kay, travay, ak kominate pasyan an.

Pasyan k ap chèche sèvis Oryantasyon ak Mouvman yo ta dwe kontakte konseye reyadaptasyon sosyal oswa pwofesyonèl yo anvan pou yo ka voye yo al pran sèvis yo.

Nan kad sèvis Oryantasyon ak Mouvman yo, pasyan an ka bezwen yon Fòm Otorizasyon pou Oryantasyon ak Mouvman nan men pwofesyonèl swen sante l. Lè Espesyalis ki Sètifye nan Oryantasyon ak Mouvman yo itilize Fòm Otorizasyon an, yo konsidere opinyon pwofesyonèl swen sante pasyan an lè l ap devlope yon pwogram fòmasyon.

Ansèyman an kòmanse avèk yon evalyasyon bezwen pasyan an genyen nan zafè deplasman, motivasyon li, ak kapasite pou l wè ak bouje kò l.

Sou baz evalyasyon sa a, yo kreye yon pwogram fòmasyon ki konstantre sou objektif espesifik pou amelyore sekirite ak gramounite moun ki gen andikap la.

Pou vwayajè ki gen plis eksperyans yo, fòmasyon an gendwa konstantre sou bay oryante moun ki gen andikap la nan yon novo anviwònman, tankou kay, espas travay, oswa kanpis kolèj.

Mete sou baton long blanch lan, Espesyalis Sètifye nan Oryantasyon ak Mouvman yo kapab bay moun nan yon lòt baton pou ede l



Oryantasyon ak Mouvman (OM), kontinye

detecte kote ki pant ak kote ki gen obstak sou wout yo.

MCB bay chak pasyan yon baton blan gratis. Kontakte konseye w la pou w konnen fason pou w achte plis baton oswa baton ranplasman.

Sèvis Konsiltasyon

Anplis, Depatman Oryantasyon ak Mouvman MCB a bay fanmi yo ak lòt pwofesyonèl yo sèvis konsiltasyon sou kesyon tankou:

- Pledwaye
- Kesyon aksesibilite tankou siyale ki ede pyeton ki avèg yo travèse lari, wout ki san danje yo ka pran, ak obstak nan anviwònman an ki anpeche yo deplase.
- Fòmasyon pou pwofesyonèl, tankou anplwayè ak pwofesyonèl sant pou moun aje, mezon retrèt, ak fwaye gwoup yo, sou fason pou yo gide kòmsadwa moun ki avèg yo epi entèyaji avèk yo.





Chen Gid

Fòmasyon sou Oryantasyon ak Mouvman an jwe yon wòl enpòtan nan prepare moun ki avèg legalman yo pou yo vin bon zanmi avèk yon chen gid. MCB pa bay chen gid, men konseye nou yo kapab ede moun ki avèg yo antre an kontak avèk pasyan enterese ki genyen yo. Apre yon pasyan vin mare lyen zanmitay avèk yon chen gid, Espesyalis ki Sètifye nan Oryantasyon ak Mouvman yo disponib pou montre li fason pou l oryante l sou wout la.



Teknoloji pou Ede Moun ki Gen Andikap (Assistive Technology, AT)

Pwogram AT a bay pasyan ak anplwayè yo aparèy adaptasyon ak konsèy teknik pou ede nan zafè jesyon kay pasyan an, salklas li, ak espas travay li.

Teknoloji pou Ede Moun ki Gen Andikap (Assistive Technology, AT) se yon tèm jeneral ki gen ladan l aparèy asistans, aparèy adaptasyon, ak aparèy reyadaptasyon pou moun ki avèg legalman yo. Pwogram AT MCB a bay pasyan yo fòmasyon ki esansyèl sou ekipman enfòmatik ak ekipman adaptasyon pou pèmèt yo konsève ak amelyore konpetans yo. Sèvis AT yo gen ladan yo deplwaman ak fòmasyon sou fason pou itilize lojisyèl ak/oswa aparèy tankou lektè ekran ki fè òdinatè nòmal yo tounen òdinatè pèsonèl ki pale. Epitou, AT a gen ladan l pwosesis yo itilize pou chwazi, chèche, ak itilize teknoloji pou moun ki avèg yo fè aktivite chak jou yo poukонт yo oswa avèk èd moun.

MCB kapab ede moun itilize plizyè fòm teknoloji, tankou:

Teknoloji Agrandisman Ekran

Anpil nan pasyan MCB yo gen yon rès wè ki rete. Se sa ki fè yo kapab itilize video loup yo ak lojisyèl pou agrandi ekran òdinatè ki pou ede yo wè pi byen. Si pasyan an kapab wè ase byen pou li fè kèk bagay, li ka itilize yon Sistèm Televizyon Sikui Fèmen (Closed-Circuit Television System, CCTV) oswa yon lojisyèl pou agrandi ekran.

Teknoloji pou Ede Moun ki Gen Andikap (Assistive Technology, AT), kontinye

Televizyon Sikui Fèmen

Yon Televizyon Sikui Fèmen se yon sistèm agrandisman elektwonik ki gen ladan l yon kamera video, yon plato lekti, ak yon gwo ekran video. Moun kapab itilize televizyon sa yo pou yo li liv, magazin, bwat

Teknoloji pou Ede Moun ki Gen Andikap (Assistive Technology, AT), kontinye

manje, boutèy medikaman preskripsiyon, ak nenpòt bagay yon moun bezwen pou l jwenn endepandans li ak travay. Yo mete dokiman moun nan pral li a sou plato lekti a anba kamera a, epi yo mete nivo agrandisman moun nan vle a epi yo fè lòt ajisteman yo, apresa tèks la parèt sou ekran televizyon an pou moun nan ka byen wè l. Yon Televizyon Sikui Fèmen trè fasil pou yon moun itilize si l resevwa kèk fòmasyon epi fè yon ti pratik.

Gen kèk pasyan ki ka chwazi itilize yon loup video pòtab ki ap pèmèt yo agrandi kèk bagay ki ka difisil pou yo wè avèk yon kamera ki fiks sou yon biwo. Aparèy pòtab sa yo pèmèt yo li meni restoran yo byen rapid oswa verifye sa ki ekri sou pwodui ki nan makèt yo.


Rekonesans Karaktè Optik (Optical Character Recognition, OCR)

Rekonesans Karaktè Optik (Optical Character Recognition, OCR) la se yon teknoloji ki fè imaj nimerik tèks moun tape, ekri alamen byen klè, oswa enprime, tounen tèks òdinatè kapab li. Teknoloji a kapab yon aparèy ki apa, li kapab yon kamera yo ajoute nan yon sistèm en-fòmatik ki gen lojisyèl sipò, yo entegre nan yon aparèy agrandisman video antanke yon fonksyonnalite yo ajoute, oswa li kapab fè pati yon aplikasyon pasyan an telechaje sou yon aparèy entèlijan ki gen yon kamera. Pasyan an kapab transpòte plizyè fòm nan teknoloji sa a pou

pèmèt li deplase libe libè soti yon kote ale yon lòt kote. Yo itilize aparèy sa a sitou pou yo ka li lèt, jounal ki enprime, dokiman ak relve finansye, kat vizit, done ki enprime, tèks yo enprime avèk òdinatè, oswa nenpòt dokiman ki apwopriye.

Lojisyèl pou Agrandi Ekran

Yo kapab modifye yon òdinatè tankou yon laptòp, tablèt, oswa esmatfòn avèk lojisyèl pou agrandi ekran yo pou yo ka agrandi ak amelyore kontras tèks ak imaj ki afiche sou li yo. Lojisyèl sa a kapab fonksyone sou Windows, Macintosh, Linux, iPhones, Androids, ak lòt platfòm enfòmatik yo. Avèk yon lojisyèl pou agrandi ekran,



Teknoloji pou Ede Moun ki Gen Andikap (Assistive Technology, AT), kontinye

pasyan an kapab itilize òdinatè yo, lojisyèl yo, enfòmasyon yo, ak entènèt la nètalkole. Pasyan an kapab ogmante gwo sè tèks ak imaj yo rive nan yon nivo ki pi alèz pou li lè l ap itilize aplikasyon li yo.

Lektè Ekran ak Teknoloji Vwa

Melanj lektè ekran yo avèk sentèz vwa bay youn nan teknoloji adaptasyon ki pi pwisan epi pi bon mache ki disponib nan moman an. Lektè ekran an fè òdinatè a tounen yon òdinatè pèsonèl ki pale. Lè yon pasyan itilize yon lektè ekran, li kapab tandem tout touch li tape sou klavye li an, epi li kapab li tout enfòmasyon ki afiche sou ekran òdinatè a. Pasyan an kapab itilize yon lektè ekran pou li ka voye ak resevwa imèl, pou l ka navige sou entènèt, pou l ka jere bazdone ak fèy kalkil, epi pou l ka itilize òdinatè ak enfòmasyon an jeneral.

Aparèy pou Afiche Bray ak Aparèy pou Enprime Bray

Moun ki konn li bray byen yo ka twouve li bon pou yo itilize yon aparèy pou afiche bray ak/oswa aparèy pou enprime bray. Lekti bray la kapab amelyore zafè konn li ak ekri, konpreyansyon tèks, ak ôtograf (eple mo) kay moun ki avèg yo. Yon moun ki konn li bray ka itilize yon aparèy pou afiche bray ansanm avèk yon lojisyèl lektè ekran pou l ka itilize yon òdinatè ak entènèt la menm jan ak yon moun ki wè ka li sa ki afiche sou yon ekran òdinatè. Yon moun ki Soud ak Avèg ka itilize aparèy pou enprime ak afiche bray yo pou pèmèt li kominike chak jou epi itilize òdinatè pou zafè travay, lekòl, oswa pou fè afè l poukout li nan kay la. Li kapab itilize yon aparèy pou enprime bray ak yon lojisyèl tradiksyon pou l ka "enprime" bray sou papye apati dokiman ki sou òdinatè yo pou yon dividal aplikasyon.




Sèvis Pledwaye

Pwogram Èd pou Pasyan (Client Assistance Program, CAP) ki nan Biwo pou Moun ki Gen Andikap nan Massachusetts bay aplikan ak pasyan ki gen enkyetid yo enfòmasyon ak konsèy sou:

- Sèvis reyadaptasyon pwofesyonèl Komisyon Massachusetts pou Reyadaptasyon (Massachusetts Rehabilitation Commission, MRC) ak/oswa Komisyon Massachusetts pou Moun Avèg yo (Massachusetts Commission for the Blind, MCB) bay, oswa
- Sèvis pou viv endependan (independent living, IL) Sant Vi Endependan yo bay

Men kijan ekip CAP la ede:

- Li bay aplikan ak pasyan ki pa kapab benefisyè sèvis VR oswa IL yo, ki gen ladan yo rezolisyon enfòmèl, reprezantasyon nan kontestasyon, ak referans, konsèy epi li defann dwa yo.
- Li ba pasyan yo fòmasyon ak fè sensibilizasyon sou sèvis VR ak sèvis IL ki disponib yo, li montre fason pou yo jere pwoesis VR la, andikap nan travay, elatriye
- Li suiv ak rezoud pwoblèm sistemik ki nan sèvis VR ak sèvis IL la nan fè pledwaye enfòmèl ak patisipe nan konsèy konsilitatif yo
- Li sensibilize piblik la sou VR, IL, ak Tit I nan Lwa pou Ameriken ki gen Andikap (Americans with Disabilities Act, ADA)



Sèvis CAP yo gratis, yo sekrè, epi yo endependan. CAP pa di anyen sou pasyan yo san konsantman yo. CAP pa depande ajans VR ak ajans IL yo. Kidonk, li kapab bay enfòmasyon ki net epi defann enterè pasyan yo san fòs kote.

Kontakte CAP:

617-727-7440

D/HH: VRS oswa konpoze 711 rive nan 617-727-7440

Imèl: ContactCAPMA@mass.gov

Sitwèb: mass.gov/MOD/CAP

Egzamen Administratif

Yon moun ki aplike pou sèvis Komisyen Massachusetts pou Moun ki Avèg yo (Massachusetts Commission for the Blind, MCB) oswa yon moun ki benefisyé sèvis sa yo epi ki pa dakò avèk desizyon MCB pran ki gen pou wè ak bay oswa refize bay sèvis nan kad nenpòt nan pwo-gram MCB jere yo ka mande pou yo egzamine desizyon an nan yon lèt li ap voye bay Medyatè a nan MCB nan espas trant (30) jou apre li fin resevwa yon avi alekri oswa aloral ki enfòme li sou desizyon sa a.

Lèt sa a dwe genyen ladan l non, adrès, ak nimewo telefòn moun k ap mande pou yo egzamine desizyon an, non anplwaye MCB ki gen pou wè dirèkteman ak desizyon pou refize bay sèvis yo oswa aksyon li fè nan bay sèvis yo ki pa satisfezan pou moun k ap mande egzamen desizyon an, ak kalite sèvis moun nan di yo refize ba li a oswa yo ba li nan yon mannyè ki fè l pa satisfè a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwoesisis egzamen administratif la, kontakte Medyatè a:

Telefòn: 617-626-7586

Imèl: mcb-ombudsman@mass.gov

Deklarasyon kont Diskriminasyon

Komisyon Massachusetts pou Moun Ki Avèg enfòme anplwaye li yo ak piblik la pou l di yo li pa fè okenn diskriminasyon nan zafè travay ni nan moun li bay aksè nan pwogram li yo, sèvis li yo, ak aktivite li yo sou baz ras, koulè po, laj, sèks, orijin etnik, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, gwosès oswa pwoblèm ki gen rapò ak gwosès, reliyon, kwayans, zansèt, orijin nasyonal, andikap, oswa estati veteran (san wete veteran ki te nan lame nan peryòd Gè Vyetnam).

Si ou santi w te sibi diskriminasyon, kontakte Medyatè a:

Telefòn: 617-626-7586

Imèl: mcb-ombudsman@mass.gov

Telefòn: 800-392-6450

Imèl: mcbinfo@mass.gov

Sitwèb: Mass.gov/mcb





MASSACHUSETTS COMMISSION
FOR THE BLIND

Enfòmasyon pou Pran Kontak:

Telefòn (Biwo Prensipal Boston an): 617-727-5550

Nimewo Gratis (Biwo Prensipal Boston an): 800-392-6450

Nimewo Gratis (Biwo Springfield la): 800-332-2772

Vidéyo telefòn: 857-366-4198

Imèl: mcbinfo@mass.gov

Sitwèb: mass.gov/mcb



EOHHS



**Telefòn (Biwo Prensipal Boston an):
617-727-5550**

**Nimewo Gratis (Biwo Prensipal Boston an):
800-392-6450**

**Nimewo Gratis (Biwo Springfield la):
800-332-2772**

**Videyo telefon:
857-366-4198**

**Imèl: mcbinfo@mass.gov
Sitwèb: mass.gov/mcb**